

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII C jeung VII A SMPN 1 Sukawening taun ajaran 2012/2013 anu jumlah siswana kelas VII C 28 siswa, sarta kelas VII A ogé 28 siswa. Hasil tina nulis karangan éksposisi éta mangrupa data anu satuluyna dijadikeun bahan panalungtikan.

3.2 Desain Panalungtikan

Dumasar kana masalah jeung tujuan anu hayang dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode ékspérimén. Nurutkeun Campbell & Stabley dina bukuna *Experimental and Quasi-Experimental Designs for Research* (1996), ngajéntrékeun aya tilu desain ékspérimén penelitian pendidikan, nya éta *pre-eksperimental*, *quasi-eksperimental*, jeung *true-eksperimental*. Desain atawa modél *pre-eksperimental* kagolong kana ékspérimén awal atawa bisa ogé disebut ékspérimén nu kurang sampurna, lantaran teu aya variabel kontrol. Hartina ieu desain ngan ukur kasus teu ngagunakeun random. Ku kituna, sok disebut studi kasus. *Pre-eksperimental* miboga tilu rupa desain, nya éta saperti ieu di handap.

- *The One-Shot Case Study Design*
X 0
- *The One- Group Preetest-Posttest Designs*
0 X 0
- *The Static-Group Comparasion Designs*
X 0
X 0

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta desain perbandingan kelompok statis (*The Static-Group Comparison Design*). Arikunto (2010:6) nétélakeun “Kata ‘komparasi’ dalam bahasa Inggris *comparation*, adalah perbandingan. Makna dari kata tersebut menunjukkan bahwa dalam

Silva Eka Fauziah, 2013

Éféktivitas Média Gambar jeung Kartu Kata
pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi
di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

penelitian ini peneliti bermaksud mengadakan perbandingan kondisi yang ada di dua tempat, apakah kedua kondisi tersebut sama, atau ada perbedaan, dan kalau ada perbedaan, kondisi di tempat mana yang lebih baik”. Dumasar kana éta hal nuduhkeun yén dina ieu panalungtikan tujuanana ngayakeun babandingan antara dua kaayaan, pikeun mikanyaho ayana bébédan, sarta nangtukeun kaayaan mana anu leuwih hadé. Ku kituna, dipilih ieu métode sangkan leuwih bisa museur dina ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan, desainna saperti ieu di handap:

Tabel 3.1

The static-group comparison design

Perlakuan	Tés Ahir
X ₁	O
X ₂	O

Keterangan : X₁ = Pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun média gambar

X₂ = Pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun média *kartu kata*

O = Tés Ahir (*postest*)

3.3 Métode Panalungtikan

Dina ngalakukeun panalungtikan perlu pisan ayana métode salaku léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan ayana salah paham sarta pikeun ngaréngsékeun masalah.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode *pre-eksperimental*. Métode pre-eksperimental anu digunakeun tipe *The Static-Group Comparasion Designs*, mangrupa métode panalungtikan anu kurang sampurna, lantaran teu aya variabel kontrol. Ieu desain sok disebut studi kasus sabab teu ngagunakeun random.

Silva Eka Fauziah, 2013

Éféktivitas Média Gambar jeung Kartu Kata
pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi
di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun salah tafsir, istilah dina ieu panalungtikan baris ditétélakeun ti poin ka 1 nepi ka poin 4.

- 1) Éféktivitas, dina ieu panalungtikan nya éta kahontalna tujuan sacara bener atawa milih tujuan-tujuan nu bener tina runtuyan pilihan cara jeung nangtukeun pilihan tina sababaraha pilihan. Atawa *pengukuran keberhasilan* dina ngahontal tujuan-tujuan nu geus ditangtukeun.
- 2) Média gambar maksudna perantara nu miboga fungsi pikeun nepikeun informasi dina wangun gambar.
- 3) Média *Kartu Kata*, bisa kaasup kana média dina wangun nu basajan mangrupa kertas. Biasana ukurana mangrupa wangun persegi panjang, nu eusina mangrupa kecap-kecap (kata) pikeun dimekarkeun nepi ka ngawujud jadi hiji karangan.
- 4) Kamampuh nulis karangan éksposisi, maksudna kasanggupan siswa nulis atawa nyusun hiji karangan jenis paparan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta alat bantu pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Instrumén mangrupa hal anu kawilang penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ku instrumén anu digunakeun. Data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésis dikumpulkeun ngaliwatan instrumén.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta instrumén tés. Tés nya éta runtuyan pertanyaan atawa alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegénsi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2010:150).

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara téhnik tés. Tés anu dilakukeun tujuanana pikeun mikanyaho sarta ngabandingkeun kaéféktifan média gambar jeung *kartu kata* dina kamampuh siswa nulis karangan

Silva Eka Fauziah, 2013

Éféktivitas Média Gambar jeung Kartu Kata
 pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi
 di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

éksposisi. Hasil nulis karangan éksposisi dianalisis anu hasilna mangrupa angka anu dijieun data panalungtikan.

Dumasar kana éta hal, ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Nangtukeun sumber data.
- 2) Ngalaksanakeun pangajaran nulis karangan éksposisi ka kelas anu ngagunakeun média gambar jeung ka kelas anu ngagunakeun média *kartu kata*.
- 3) Ngalaksanakeun tés salaku léngkah pikeun mikanyaho kamekaran kamampuh anu dipiboga ku siswa sanggeus dibéré perlakuan.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus kakumpulkeun tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil henteuna prosés pangajaran nulis karangan éksposisi sanggeus ngagunakeun média gambar jeung anu ngagunakeun média *kartu kata*. Dina bagian ieu dipedar cara ngolah data tina hasil pangajaran anu geus dilakukeun. Léngkah-léngkah nganalisis anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méré peunteun jeung uji sipat data.

3.7.1 Méré Peunteun Nulis Karangan Éksposisi

Méré peunteun dina nulis karangan éksposisi di dieu ngagunakeun pedoman *penilaian* saperti ieu di handap.

Tabél 3.2
Kritéria Meunteun Hasil Karangan

Kamampuh nulis karangan Eksposisi	Skor	Tingkat
1	2	3
Éjahan (nuliskeun aksara, kecap, jeung ngalarapkeun tanda baca)	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang Pisan
Paragraf (cara mekarkeun paragraf)	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Eusi (cara mekarkeun eusi jeung kualitas eusi)	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Kerapihan tulisan	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Jumlah skor	20-4	
Peunteun	10-2	

Keterangan:

- 1) Éjahan, nya éta kamampuh siswa dina katepatan nulis aksara, kecap, jeung ngalarapkeun tanda baca dina tulisan.
- 2) Cara mekarkeun paragraf, nya éta kamampuh siswa dina mekarkeun hiji paragraf anu sinambung (ayana hubungan atawa kohérens) antara hiji paragraf jeung paragraf satuluyna jeung logis.
- 3) Cara mekarkeun eusi karangan jeung kualitas eusi, nya éta kamampuh siswa dina kaparigelan mekarkeun ide atawa gagasan nepi ka jadi hiji karangan anu logis tur komunikatif.
- 4) Kerapihan tulisan, nya éta tampilan tulisan anu jelas, sistematis tur kaharti atawa kabaca.

Pikeun meunteun karangan siswa digunakeun padoman meunteun saperti tabél 3.2. peunteun maksimal karangan siswa nya éta 20. Peunteun anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah ngagunakeun rumus saperti ieu di handap:

$$\text{Skor atah} = \frac{\text{Peunteun Anu Kahontal}}{\text{Skor Maksimal Karangan}} \times 100\%$$

Sangkan leuwih écés, skor ahir siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3

Skor Tés Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

No	Wasta	A	B	C	D	Σ	P	Kategori

Keterangan:

- A = Éjahan
 B = Paragraf
 C = Eusi
 D = Panulisan

Silva Eka Fauziah, 2013

Éféktivitas Média Gambar jeung Kartu Kata
 pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi
 di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Σ = Jumlah Skor

P = Peunteun

Katégori = Presentase ≥ 65 , siswa dianggap mampu nulis karangan éksposisi.

Presentase < 65 , siswa dianggap can mampu nulis karangan éksposisi.

3.7.2 Uji Sipat Data

Nguji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas.

a) Uji Normalitas

Tujuan dilakukeun uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata.

Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat anu normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2). Dina nangtukeun uji normalitas, aya sababaraha léngkah anu dilakukeun numutkeun Sudjana dina buku nu judulna *Metode Statistika* (1992). Léngkah-léngkahna nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Ngitung mean atawa rata-rata tés

$$\bar{x} = \frac{\Sigma fx}{N}$$

Katerangan:

\bar{x} : rata-rata nilai tés

Σfx : jumlah skor nilai kali frekuensi

N : jumlah subjek

- 2) Néangan standar déviiasi ngagunakeun rumus

$$SD = \sqrt{\frac{N \Sigma (fx^2) - (\Sigma fx)^2}{N(N-1)}}$$

Katerangan:

SD : Standar Deviasi

Σfx^2 : jumlah frekuensi nilai

$(\Sigma fx)^2$: jumlah frekuensi nilai x kuadrat

N : jumlah subjek panalungtikan

Silva Eka Fauziah, 2013

Éféktivitas Média Gambar jeung Kartu Kata
pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi
di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

3) Nyieun frekuensi observasi jeung frekuensi ékspéktasi anu léngkah-léngkahna nya éta:

a) Ngitung jumlah kelas (k), ngagunakeun rumus $k = 1 + 3,3 \log n$

b) Ngitung rentangan (r)

$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$

c) Nangtukeun panjang kelas (p), ngagunakeun rumus $p = r/k$

d) Nangtukeun Z keur wates kelas maké rumus:

$$Z = \frac{BK - X}{SD}$$

e) Nangtukeun ambahan atawa legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_S - Z_{\text{tabel}}$$

f) Nangtukeun frekuensi ékspéktasi: $E_i = L \times N$

g) Nangtukeun chi kuadrat (x^2)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

h) Nangtukeun darajat kabébasan

$$db = k - 3$$

i) Nangtukeun normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kritéria ieu di handap.

$X^2_{itung} < X^2_{tabel}$ hartina distribusi data normal

$X^2_{itung} > X^2_{tabel}$ hartina distribusi data teu normal

b) Uji Homogénitas

Tujuan tina homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi anu sarua. Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogén henteuna data ngagunakeun rumus chi kuadrat. Pikeun nangtukeun homogénitas, léngkah-léngkahna nya éta:

1) Nangtukeun variabel téns (S^2)

$$SP^2 = \frac{n \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

2) Hasil tina variasi diasupkeun kana distribusi F

Silva Eka Fauziah, 2013

Éféktivitas Média Gambar jeung Kartu Kata

pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Nulis Karangan Éksposisi

di Kelas VII SMP Negeri 1 Sukawening

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

$$F = \frac{s^2b}{s^2k}$$

3) Nangtukeun darajat kabébasan (db)

$$db = n - 1$$

4) Nangtukeun F tabél

5) Uji Homogénitas

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kritéria ieu di handap

$F_{itung} < F_{tabel}$ hartina variasi sampel homogén

$F_{itung} > F_{tabel}$ hartina variasi sampel teu homogén

3.7.3 Uji Hipotésis

Pikeun nguji hipotésis, ieu panalungtikan ngagunakeun rumus uji t saperti ieu di handap.

$$t = \frac{M_1 - M_2}{\sqrt{\frac{\sum x_1^2 + \sum x_2^2}{N(N-1)}}}$$

Nguji hipotésis ditingali tina hasil ahir kelas média gambar jeung kelas média kartu kata uji t. Kritéria anu digunakeun nya éta (Ha) ditarima (Ho) ditolak lamun $t_{tabel} < t_{itung}$ jeung (Ha) ditolak (Ho) ditarima lamun $t_{tabel} > t_{itung}$. (Arikunto, 2010).